

TATAKRAMA DINA KAHIRUPAN MASARAKAT SUNDA

(1) Bubuka

Unggal bangsa di ieu dunya pasti pada mibanda tatakrama sewang-sewangan, sok sanajan dina prak-prakanana mah teu sarua, gumantung kana kumaha adat kabiasaan jeung kabudayaanana bae. Sasaruanana mah dina lebah tujuanana, nya eta ngawujudkeun kahayang manusa pikeun hirup kumbuh di masarakat sangkan tentrem, ayem, silih ajenan, nu pinuh ku kabagjaan jeung karaharjaan. Samemeh medar tatakrama Sunda, karasa perluna ngabahas heula naon anu disebut tatakrama.

Tatakrama dina harti nu jembar nya eta sistim sageblengna tina kabiasaan jeung cara-cara hirup manusa dina lingkunganana. Dina harti heureut tatakrama teh kabiasaan sopan santun nu disaluyuan (dimupakatan) ku anggota masarakat di hiji tempat atawa daerah. Upama dihartikeun sacerewelena mah tatakrama teh nya eta cara-cara hirup kumbuh anu didadasaran kana budi luhur (Suryalaga, 1984:1).

Dina kahirupan paelmuan, satemenna mah taya hiji wangenan istilah (terminologi) nu mutlak tur siger tengah, sabab kabeh oge mangrupa ebrehan tina anggapan-anggapan atawa pangira ti parapamakena (Searle Spk. ,1980:vii). Kitu deui lamun urang napsirkeun atawa mere wangenan kana kecap tatakrama.

Kecap tatakrama teh asalna mah tina tata jeung krama. Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda*, kecap tatakrama asalna tina kecap tata jeung krama. Tata (basa Kawi) hartina adat, aturan, beres. Krama (basa Sanskrit) hartina sopan atawa lemes. Jadi, tatakrama teh hartina aturan kasopanan nu nuduhkeun kalemesan budi (LBSS,1976:252).

Istilah sejen tina tatakrama nya eta adat sopan santun atawa etiket (Semiawan, 1984:3). Ku kituna, tatakrama dihartikeun tata sopan santun, kabiasaan sopan santun campur gaul antar manusa, anu saluyu jeung patokan katut pola kabiasaan nu geus ditetepkeun ku anggota masarakat nu makena (Yudibrata Spk., 1984:2).

Jadi anu dimaksud tatakrama urang Sunda nya eta kabiasaan jeung cara-cara hirup masarakat Sunda dina lingkunganana sarta didadasaran ku budi nu luhur, anu disaluyuan ku urang Sunda sorangan. Ku lantaran manusa mah mahluk nu

kukumbuhan, atuh unggal waktu teh urang pagiling gisik jeung nu sejen, di imah, di sakola, di pangulinan, dina tutumpakan jeung di sejen-sejen tempat. Tandesna mah unggal waktu urang bakal panggih jeung jelema sejen, anu moal boa urang kudu ngomong, nanya, ngajawab, seuri, sasalamana, jeung sajabana ti eta. Sangkan leuwih jentre di handap ieu baris dipedar (1) tatakrama dina kahirupan sapopoe, (2) Etika, (3) situasi jeung kondisi tatakrama, (4) fungsi tatakrama, (5) mangfaat tatakrama Sunda keur masarakat Sunda, (6) unsur-unsur tatakrama Sunda, (7) aspek-aspek tatakrama Sunda dina kahirupan kiwari, (8) sumber pangaweruh tatakrama (kasadaran etis), (9) tingkah laku anu hade (etis), (10) sikep teu hade (non-etis), jeung (11) kacindekan.

(2) **Tatakrama dina Kahirupan Sapopoe**

Dina hirup kumbuh sapopoe tatakrama diperlukeun pisan, sabab lamun eta tatakrama teh teu digunakeun tinangtu urang bakal susah dina lakuning hirup, misalna wae urang teh bakal dianggap jalma teu sopan, kurang pendidikan, teu nyaho aturan, atawa ceuk kasarna mah 'teu gableg kekenyos'. Tah di dieu pisan perlu digunakeuna-tatakrama teh, nya eta keur silih ajenan, silih hormat jeung nu sejen. Upama unggal jalma geus pada biasa ngagunakeun tatakrama, sopan santun, tangtu masarakat teh bakal aman jeung tartib dina kahirupan sapopoena.

Tatakrama teh bisa dipasing-pasing jadi dua bagian, nya eta:

- (a) nu tumali jeung palsapah kapribadian, nu sipatna ngadidik kalemesan atawa kaluhuran budi; jeung
- (b) nu tumali jeung kahirupan sapopoe, cara-caraning campur gaul dina hirup kumbuh, jadi pikeun kapentingan campur gaul sapopoe di masarakat.

Upama dititenan, saenyana mah meh unggal jalma geus pada nyaho kudu ku-maha cara-carana campur gaul dina hirup kumbuh teh, ieu mah kalakuan hade, nu ieu mah kalakuan goreng, ngan nu hese mah prakna, dina ngajalankeunana. Ari kitu mah da biasana urang jadi jelema nu boga tatakrama teh estu gumantung tina dibiasakeuna-dipake sapopoe. Buktina teu saeutik jalma sacara teori sakitu hadena, tapi ku manehna oge teu katembong eta tatakrama teh dipake, da teu dibiasakeun tea.

Pikeun bukti, urang sarerea nyaho yen tulisan dina lain tempatna, eta kudu dipahing pisan, unggal jalma upama ditanya bakal nyebut goring tulas-tulis dimana

bae teh, tapi buktina dina tembok sakola, dina bangku, di kamar cai (WC), dina kendaraan, jste. roket ku tulisan-tulisan anu teu uni.

Tetela tatakrama teh gede tumalina jeung ngabiasakeun tingkah laku sapopoe. tandesna tatakrama teh kudu digunakeun bari sadar, sabab upama geus biasa diguna-keun mah, geus matak teu jadi seunggah deui da geus awor dalit jeung rengkak polah ucap lampah katut kapribadian urang. Eta sababna ngagunakeun tatakrama teh kudu dibiasakeun ti keur leutik keneh.

Anu pangmimitina ngabaladah prak-prakanana ngajalankeun tatakrama ka barudak teh nya eta *indung bapa*, tegesna di jero kulawarga, nu jadi indung bapa kudu geten titen, ulah bosen-bosen ngageuing barudak, jeung mener-menerkeun tingkah lacuna nu salah. Upamana bae rek sare kudu ngabiasakeun *ngado'a*, dahar ulah ceplak jeung ngareneh uprat-apret kamana wae, ari aya nu mere naon bae kudu nyebut nuhun, ari dititah kudu nyebut mangga, lain unggeuk-unggeukan, jste.

Engke-engkena hasil tatakrama di imah the, ku barudak dibawa kana hirup kumbuh, mangaruhan babaturan ulinna, kitu bae saterusna tepi ka masarakat sabudeureunana ngabogaan hiji adat kabiasaan tatakrama. Ku kituna engke unggal wewengkon teh boga tatakrama (cara-cara) campur gaul nu beda-beda. Kapan aya paribasa “jawadah tutung biritna sacarana-sacarana”. Tapi da najan kitu da gurat badagna mah jelema teh sok haying silih ajenan, atuh gunakeun bae tatakrama anu biasa dipake ku urang, engke oge ku lobana campur gaul urang jadi terang, mana nu ulah mana ni bisa terus digunakeun.

Tatakrama atawa sopan santun, mimitina ngan ukur tempong dina rengkak, tingkah polah, pasemon (parangi), jeung lentong ngomong (nyarita). Tapi ari kuduna mah, sanggeus bisa ‘tapis’ ngagunakeun tatakrama sopan santun, nepi ka geus ngahiji jeung pribadi urang, kapribadian atawa ahlak (jiwa) urang oge kudu leuwih luhung, jadi jelema anu lemes budina, hade tekadna, tandes lain ngan lahir bae nu sopan santun teh, tapi jiwana oge jadi jiwa nu luhur, nu pantes diajenan, jadi jalma nu hade budi pekertina.

Upama jelema geus bener tatakrama jeung sopan santun lahir batinna; bari teu karasa deui dina jiwana baris sumirat hiji kakuatan batin nu ngabalukarkeun dirina bakal diajenan ku batur. Upama ku urang dilenyepan leuwih teleb tatakrama dina hirup kumbuh teh nincak dina dua tatapanan:

- (a) kudu percaya ka diri sorangan (ulah ngarasa asa rendah diri tapi kudu panceg dina pribadi sorangan; jeung

(b) kudu ngajenan batur, ulah boga rasa ngelehkeun batur sahandapeun urang.

Sanggeus panceg di dinya, kakara bisa dijadikeun ku tatakrama dina prakna, tapi upama tatapakanana lenjeng (nyangeyeng), balukarna:

(a) ngarasa asor (teu percaya diri) engekena teh jadi jalma puyungkad-poyong-

kod, sagala sieun salah, sagala sumuhun dawuh, kajeun anu bener disebut salah atawa sabalikna dapon matak kapake ku batur.

(b) nganggap dirina leuwih ti batur asa pangbisana, panguyahna, pangpinterna,

balukarna jadi jalma anu teu dipkaresep, jelema nu kitu disebut gede hulu, lengus, adigung ieu aing, sompong.

Duana nu lenjeng tatapakan pribadina mah teu kaasup boga tatakrama. sabab teu boga budi nu luhur.

Tatakrama dina basa Inggris disebutna *etiquette* upama disundakeun pikecap-eunana teh *adab*, hartina nyaho tatakrama. Geuning aya nu nyarita kieu:

(1) Urang kudu bisa *ngadaban* ka batur teh ambeh diadaban deui ku batur;

(2) Urang Sunda ti baheula oge luhur '*peradabanana*' hartina kabudayaan nu tumali jeung luhung budi katut luhung kanyahona;

(3) Ari nganjang ka imah batur kudu nyaho *adab-adabanana*, hartina aturan tanda hormat;

(4) Sing *adab* atuh nampi pamaparin buku ti Ua teh, hartina hade rengkuhna;

(5) Jelema nu kitu tingkah lacuna mah *biadab* keneh atuh, hartina teu nyaho tatakrama hirup; jeung

(6) Geus appal adab-adabanna sholat teh? Hartina tata cara, tata tertib.

Aya tilu rupa nu jadi tatapakan hirup bener, teh, nya eta (1) bener tekadna, (2) bener ucapanana, jeung (3) bener lampahna.

Tandesna nu pangheulana kudu dipibanda ku urang teh nya eta tekad atawa niat dina jero hate nu bener, boh patokan agama boh darigama, moal matak ngarugikeun batur. Ari beresih hate eta sarat hirup nu pangutamana dina hirup, geus bener tekadna terus bener ucapan. Maksudna omongan nu dikedalkeun ku urang teh kudu sarua benerna jeung tekad urang tea, ulah papalingpang, ari tekad haying bener, ari omongan ngacaprak, matak nyugak jeung garihal. Upama ucapan jeung omongan urang geus bener, geus luyu antara tekad jeung nu dikedalkeun, kakara bisa disebut sampurna upama diwujudkeun dina laku lampah nu bener, nya eta nu luyu jeung tekad katut ucapan nu bener tea.

Upama tilu tatapakan ieu (tekad, lampah, jeung ucap) geus jadi banda urang sapopoe, tina diri urang sorangan baris sumirat cahaya gaib nu ngalantarankeun batur jadi asih, nyaah, tur ngajenan ka urang. geus kitu mah hirup moal loba kasieun da jeung saha-saha teh estu bisa campur gaul. ieu teh elmu nu kacida matihna, matak jauh balai deukeut rejeki, loba sobat kawawuhan pikeun silih tulungan-tinulungan.

(3) Etika

Nyaritakeun tatakrama (etiket) kudu bae nyabit-nyabit etika, sabab raket tumalina sanajan aya bedana. *Etika* (Yunani: ethos), hartina kasusilaan, ahlak, moral, kabiasaan-kabiasaan nu hade. Kadasaran jelema pikeun ngabedakeun mana nu hade mana nu goreng disebutna *kasadaran etis* (moral).

Etika mah sipatna filosofis, ari tatakrama (etiket) mah sipatna praktis. Tatakrama nu hade bisa ngabantu ka jelema pikeun mibanda etika (moral) nu hade; sanajan henteu salawasna nu tatakramana hade moralna oge hade, kapan dina paribasa jeung babasan Sunda aya kasebutna: ngabudi ucing, lungguh tutut sawah sakotak kaider kabeh; ari legeg-legeg lebe ari lampah euwah-euwah. Ieu babasan jeung paribasana teh ngandung harti pasaliana tatakrama (etiket) jeung ahlak (etika).

Etika bisa dijadikeun sumber ilham tatakrama. Nya gelar tatakrama anu sumebarna tina:

- (a) etika filosofis, anu jadi udaganana nya eta filsafat ‘hakekatna bener’, nurutkeun akal budi, nu kasup kana golongan ieu , nya eta aliran naturalis, hedonis, idealis, jeung vitalis;
- (b) etika teologis, ieu mah udaganana teh maluruh hal-hal anu ‘bener’ nurutkeun ajar-an agama atawa kapercayaanana. Nu kaasup golongan ieu, nya eta etika Islam, Kristen, Budha, Hindu, Kong Fu Tse, jste.
- (c) etika sosiologis nu jadi udaganana nya eta katengtreman jeung kabagjaan masarakatna. Nu dibahasna nya eta cara-caraning hirup kumbuh jelema di lingkungan masarakatna.

(4) Situasi jeung Kondisi Tatakrama

Tatakrama teh wangun jeung cara-carana henteu angger, tapi robah-robah gumantung kumaha situasi jeung kaayaanana bae, diantara:

1. Waktu

Aya tatakrama jaman baheula, jaman ayeuna, jeung jaman nu bakal datang. Tatakrama jaman di tatar Sunda aya keneh karajaan, jaman dalem, jaman Walanda, jeung jaman ayeuna geus loba bedana.

Upama urang nengetan cara-caraning tatakrama urang Sunda saperti nu ditulis ku D.K. Ardiwinata (Citakan ka-5), 1916), pikeun alam harita mah meureun tatakrama nu kitu disebutna tatakrama social nu alus the. Upama dirarasakeun atawa diterapkeun dina alam kiwari, tangtu moal luyu. Contona bae upama panggih jeung menak di jalam pasampangan, kudu brek diuk, gensor, jste. tapi aya oge unsur-unsur nu masih keneh merenah dipake di alam kiwari, saperti upama munjungan, pasemon nu marahmay, lentong nyarita, jste.

2. Tempat

Ku lantaran tatakrama teh mangrupa alat pikeun campur gaul antara manusia, jadi kajadianana bisa dimana bae. Upamana bae di imah, di sakola, di rumah sakit, di rumah makan, jrrd. Tangtu di unggal tempat teh tatakramana bakal beda-beda dina cara ngagunakeunana. Tah nya di dieu pisan urang kudu apal rupa-rupa tatakrama (etiket) nu luyu jeung tempat tadi.

Pikeun sawatara tempat mah, saperti rumah sakit atawa di rumah makan geus aya tatakrama nu tinulisna. tapi upama di tempat nu can aya aturan tatakrama tinulis mah, urang kudu ngira-ngira bae sorangan. Ari carana mah nya eta nitenan heula kabiasaan batur nu geus mindeng datang ka eta tempat. Upama aya tanyaeun, atuh leuwih alus deui, sabab bakal leuwih jentre ngeunaan tatakrama jeung kabiasaan di eta tempat.

3. Struktur Sosial

Struktur sosial di dieu nya eta tumpa-tumpana kalungguhan sosial. Unggal tahap sosial ieu teh miboga cara-cara pergaulan (tatakrama) masing-masing. Upamana bae struktur sosial nurutkeun:

- (a) *umur*; aya jelema nu umurna saluhureun, sasama, jeung sahandapeun;
- (b) *pancakaki* atawa *kabarayaan*, aya nu pernahna saluhureun, satahap, jeung sahandapeun.
- (c) *birokrasi pagawean*, dunungan, sasama, jeung anak buah.
- (d) *jenisna*, lalaki atawa awewe
- (e) *pagawean*, guru, padagang, patani, tentara, jste.

(f) *kalungguhan di masarakat*, tokoh, kokolot, RT, RW, jsb.

4. Situasi

Urang campur gaul jeung batur teh tangtu boga maksud nu mandiri. Jadi dina ngagunakeun tatakrama oge kudu diluyukeun jeung situasina, supaya kahontal tujuan-nana nya eta:

- (a) situasi resmi (formal), upamana wae; riungan (rapat), seminar, ceramah, ngajar, jste.
- (b) henteu resmi (non formal), upamana wae, nganjang, ngalongok nu gering, ka nu kapapatenan, jste.
- (c) religius, pangaosan, tableg, jste.
- (d) adat, kariaan, ngawinkeun, nyunatan, jste.
- (e) loma, heureuy, banyol, jste.

(5) Fungsi Tatakrama Sunda

Fungsi atawa kagunaan tatakrama teh kacida pentingna, boh pikeun ajen-inajen pribadi boh keur kamaslahatan masarakat, malah bisa oge keur katengtreman kahirupan di alam dunya, diantarana nya eta:

(a) Fungsi Pribadi (Personal)

Jalma nu mibanda tatakrama, tinangtu kapribadianana bakal tanggoh tur teguh. Rasa percaya dirina bakal gede, atuh teu mustahil dina hirupna bakal loba kasempetan pikeun maju. Kamanusaanana bakal tempong, boh lahirna boh batinna. Jadi fungsina the pikeun ningkatkeun kwalitas ajen diri pribadi.

(b) Fungsi Sosial

Tatakrama teh jadi hiji alat nu kacida pentingna pikeun ngawujudkeun masarakat anu tengtrem ayem, beres-roes aman tur tartib. Ari hubungan sosial teh kacida jembarna ti mimiti di jero kulawarga, tatangga, sakola, pagawean, malah antar bangsa. Komo jaman ayeuna mah campur gaul antar bangsa teh kacida mindeng jeung gampangna.

(c) Fungsi Atikan

Tatakrama teh mibanda fungsi pikeun ningkatkeun atikan (boh lahir boh batin) ti masing-masing jelema. Ayeuna istilah ‘terpelajar’, ngandung harti ‘hade tatakrama-na’. Sabalikna deui nu kurang tatakrama mah sok disebut ‘kurang ajar’.

(d) Fungsi Nyaluyukeun Diri (Integratif)

(e)